

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa hirup di alam dunya moal leupas tina komunikasi jeung papada manusa nu séjénna, boh komunikasi sacara lisan boh sacara tulisan. Lantaran komunikasi mangrupa kabutuhan nu penting, manusa néangan cara pikeun komunikasi nu bener sarta merenah. Teu salawasna prinsip komunikasi kudu formal atawa serius nalika dilarapkeun, lantaran bisa waé nyelipkeun hal anu pikalucueun atawa sok disebut humor. Humor geus jadi adat atawa kabiasaan anu geus nerap di lingkungan masarakat, sakumaha nu ditétélakeun ku Hestiyana (2016 kc. 257) yén humor mangrupa pakakas hasil budaya ti hiji masarakat. Dina kasenian tradisional Sunda mah, humor geus dijadikeun *genre* pikeun mintonkeun hiji pagelaran saperti dina kasenian drama longsér nu mikabutuh loba aspék humor nu kedal dina pintonanna.

Dina kamekaran basa jeung sastra Sunda, tangtu bakal katempo unsur-unsur humorna. Dina majalah Manglé contona. Aya rubrik husus anu medar ngeunaan carita-carita humor, nya éta rubrik “Barakatak”. Teu katinggaleun dina média lisan aya rubrik humor dina radio Ardan, ngaranna “Cangéhgar (Carita Ngeunah dan Segar)”. Éta nu nyababkeun urang Sunda teu leupas tina humor.

Firmansyah (2016 kc. 1-2) nétélakeun salasahiji wanda sastra Sunda nu remen katempo unsur humorna nyaéta drama longsér. Kawilang jarang nu nulis naskah drama dina wanda drama longsér. Nu ngarang kudu miboga rasa humor nu luhur, lantaran drama longsér dipintonkeun ka masarakat, ilaharna di daérah padésaan. Humor nu pikaresepeun bakal ngirut panongton sangkan tuluy lalajo drama longsér ti awal nepi ka ahir carita. Salian ti panulisna, jelema nu jadi tokoh caritana gé kudu miboga sisi humor nu luhur.

Sacara ulikan batinia disawang tina makna wacanana, humor bisa dirasakeun mangpaatna saupama aya sarana nu ngarojong kana ébréhna éta humor nyaéta basa. Wijana (2004 kc. 12) nétélakeun yén basa anu bisa digunakeun minangka sarana

ébréhna humor mangrupa hasil budaya masarakat nepi ka éta humor bisa kapaluruh ma'na sagemblengna ku masarakatna sorangan. Saupama tindak tutur nu sipatna humor teu dibarengan jeung kasang tukang panyaturna, sakapeung humor nu diébréhkeun bakal karasa teu ngirut. Aspék-aspék dina lumangsungna komunikasi nu lancar di antarana aya kontéks situasi atawa kontéks tuturan antara panyatur jeung pamiarsa (Zamzani, 2007 kc. 26)

Dina nyiptakeun rasa humor dina tindak tutur, panyatur jeung pamiarsa sakapeung nyieun komunikasi nu teu lancar jeung teu nyoko kana tata aturan makéna basa. Sacara tiori Grice & Leech (dina Sudaryat, 2016b kc. 64-69) ieu hal ngarempak prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan anu diatur sangkan komunikasi lancar. Ahirna loba hal nu matak pikaseurieun dina komunikasi téh hasil dina ngarempak éta dua prinsip nu miboga maksud ngarah ngabébaskeun komunikasi dina beban kaseriusan, teu leupas tina dua aspék nu ditétélakeun di luhur.

Di sagigireun resep kana humor, urang Sunda gé miboga tatakrama nu geus diatur. Hirup kumbuhna urang Sunda di tengah masarakat kudu saluyu jeung tatakrama. Udaganna pikeun ngabina watek jeung paripolah hiji jelema sangkan leuwih hadé. Sudaryat (2015 kc. 228) nétélakeun pola kabiasaan nu hadé saupama dina komunikasi jeung interaksi papada manusa bisa ngébréhkeun rasa simpati, bagja, tur reueus sarta hormat. Ieu patukangtonggong nalika urang Sunda nyieun komunikasi nu mibanda sisi humorna. Komunikasi kudu nyoko kana aspék tatakrama, sajaba ti éta gé komunikasi nu nimbulkeun humor téh malahan sok nyimpang jeung ngarempak tina prinsip kasopanan.

Malah nurutkeun Alwasilah (2008 kc. 83), masarakat Sunda dina cara gaulna sok ngaleuwihan rasa hormat ka pamiarsa. Ceuk babasan mah nyaéta handap asor. Tindak tutur anu handap asor nyiptakeun kumaha carana sangkan pamiarsa meunang kaonjoyan atawa kauntungan nu leuwih tibatan panyaturna sorangan. Pamiarsa moal ngarasakeun yén manéhna disapirakeun ku panyatur. Ieu hal sakapeung moal timbul dina gelarna tuturan nu sipatna humoris. Bisa jadi panyatur kalahkah nyengseurikeun pamiarsa saupama aya dina kaayaan anu héngkér atawa rugi. Contona jelema sok seuri nalika babaturanna labuh tisolédad dihareupeunana.

Panalungtik maké péso sosiopragmatik dina ieu ulikanna. Kajian sosiopragmatik mangrupa wanda pragmatik ngagunakeun pamarekan sosial nu di jerona ngébréhkeun ngeunaan aspek-aspek ma'na hiji polah ucap nu ditempo tina konteks situasi panyatur jeung pamiarsana ogé konteks sosial budaya basa nu dipakéna (Zamzani, 2007 kc. 26-27). Lantaran naskah drama longsér mibanda loba paguneman, sosiopragmatik bakal maluruh kasang tukang tuturan nu kajadian ditempo dina kumaha panyaturna ngébréhkeun hiji wacana nu sipatna humor, tuluy réspon ti pamiarsa kana éta wacana. Panalungtik mimiti ngulik wacana humoris kana dipakéna prinsip pragmatik nu lumaku saperti prinsip gawé bareng jeung kasopanan. Bakal kapaluruh yén timbulna humor téh aya nu saluyu jeung éta prinsip, aya ogé nu ngarempak éta prinsip. Sanggeus kitu kakara panalungtik bisa nangtukeun aspék tatakrama dina wacana humorisna.

Panalungtikan saméméhna nu ngarajong kana ieu panalungtikan nyaéta “Polah Ucap Humoris Dina Drama Juragan Hajat Karya Kang Ibing Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Drama Kelas X (Ulikan Pragmatik)” (Oktaviani, 2018). Sasaruanna nyaéta medar ngeunaan prinsip-prinsip pragmatik numutrkeun tiori Grice jeung Leech nu ngawengku prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan. Tapi, dina ieu panalungtikan teu dipedar ngeunaan wacana nu ngarempak kana éta prinsip. Ditambah ku ulikan Sosiopragmatik nu can kungsi dipaluruh dina kajian wacana humoris.

Panalungtikan ngeunaan wacana humoris nu séjén dina wangun skripsi di antarana: (1) “*Penyimpangan Prinsip Kerja Sama Dan Prinsip Kesopanan Dalam Wacana Humor Verbal Tulis Pada Buku Mangkunteng*” (Anand Firmansyah, 2011) nu ngaguar rempakan-rempakan prinsip komunikasi dina wacana humor tur dijéntrékeun faktor-faktor nu nyababkeun timbulna humor, jeung (2) “Polah Ucap Humoris dina Naskah Drama Duriat Bejad Karya Dhipa Galuh Purba (Ulikan Pragmatik)” (Meganasha, 2018) nu ngaguar wanda jeung fungsi humor dina naskah longsér.

Sanajan téréh sarua nyaéta maluruh kana prinsip polah ucap pragmatikna, aya béda nu signifikan dina ieu panalungtikan lantaran maké péso sosiopragmatik. Ulikanna leuwih jembar lantaran matalikeun timbulna wacana humor kana situasi

jeung kontéks nu ngarojong kana timbulna humor. Dumasar katerangan di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Tindak Tutur Humoris dina Naskah Drama Longsér ‘Nu Garering’ Karya Dhipa Galuh Purba (Ulikan Sosiopragmatik)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Tindak tutur humoris nu diulik dina ieu panalungtikan nyaéta maluruh daya humoris nurutkeun tiori Sudaryat nu ngawengku 10 daya humoris, ogé maluruh prinsip pragmatik nurutkeun tiori Grice jeung nu ngawengku prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan. Dina prinsip gawé bareng, ditétélakeun aya opat maksim nyaéta maksim kuantitas, maksim kualitas, maksim relevansi, jeung maksim cara. Sedengkeun dina prinsip kasopanan, ditétélakeun aya genep maksim nyaéta maksim kawijaksanaan, maksim balabah, maksim katumarima, maksim handap asor, maksim pangcocog, jeung maksim kasimpat. Ditambah jeung kontéks sosiopragmatik, nyaéta kontéks situasi.

Aya sababaraha masalah nu kaidéntifikasi diantarana munculna humor sakapeung nyalahan atawa ngarempak aturan prinsip pragmatik nyaéta prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan, munculna humor sakapeung teu luyu jeung ajén tatakrama nu lumaku di masarakat, munculna humor tara nempo kana kontéks sosial nu jadi kasang tukang kajadian tindak tutur. Dina naskah drama longsér kapanggih masalah nu dipedar di luhur.

Dumasar kana idéntifikasi di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- a. Daya humoris naon waé nu aya dina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba?
- b. Prinsip gawé bareng jeung kasopanan naon waé dina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba?
- c. Pola interaksi panyatur naon waé dina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba?
- d. Kontéks situasi naon waé nu aya dina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun ngadeskripsikeun jeung mikanyaho polah ucap humoris dumasar aturan pragmatik sarta hal nu ngasangtukangkeun timbulna wacana humoris dina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun ngadeskripsikeun opat hal, nyaéta

- a. daya humoris nu aya dina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba;
- b. prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan dina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba;
- c. pola interaksi dina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba;
- d. kontéks situasi dina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan jeung ngawewegan panalungtikan dina widang pragmatik hususna dina polah ucap humoris basa Sunda jeung pikeun acuan panalungtikan salajengna dina widang pragmatik hususna dina tindak tutur humoris basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis nyaéta

- a. pikeun nu nalungtik, leuwih ngajembaran paélman dina widang pragmatik sarta dadasar ngalaksanakeun panalungtikan leuwih lanjut;

- b. pikeun mahasiswa, jadi référénsi jeung bahan pancén kuliah dina ulikan pragmatik hususna tindak tutur humoris basa Sunda;
- c. pikeun masarakat, méré informasi ngeunaan tindak tutur humoris basa Sunda;
- d. pikeun kampus, nambahan panalungtikan dina widang linguistik hususna wacana jeung pragmatik.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu di handap diébréhkeun ngeunaan raraga tulisan dina ieu panalungtikan anu ngawengku lima bab.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan masalah jeung tujuan panalungtikan anu pakait jeung analisis tindak tutur humoris dina naskah drama longsér sarta raraga tulisan

Bab II Ulikan Tiori, eusina nyaéta tiori-tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan. Medar ngeunaan pragmatik, sosiopragmatik, jeung tindak tutur humoris. Sarta panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir

Bab III Méthode panalungtikan, eusina ngawengku méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, anu ngawengku méthode panalungtikan, desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusi dina ieu bab diébréhkeun sagemblengna hasil panalungtikan anu ngajelaskeun ngeunaan hasil analisis.

Bab V Kacindekan jeung Saran, mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. Saran mangrupa pangdeudeul tina hasil panalungtikan pikeun nu maca ieu panalungtik